

KUWUCHIKA PAKUCHENGETWA KWEMOMBE

Kuwuchika inzira inoshandiswa zvikuru munyika dzese uye inzira yakakosha yekuti murimi akudze bhizimisi rake kubudikidza nekuve nemombe dzine hutano uye dzinobereka zviru nani.


Kuwuchika (Artificial insemination) inzira yekutora hurume hunenge huine mbeu mhenyu kubva kuburu remhando yepamusoro kana kuburu ririkushandiswa pakuberekesa, hoiswa mumhou kana tsiru painenge iri panguva yekuda bhuru pachishandiswa midziyo yekuwuchika.

ZVAKANAKIRA KUWUCHIKA PAKUCHENGETWA KWEMOMBE

Kuwuchika kunokwanisa kukwidza mitengo yemombe, kuwedzera huwandu hwadzo, kuwedzera kwemari yaunowana mushure mekudzitengesa pamwe nekuwedzera mari inobatwa nemurimi kubudikidza nekuita zvinotevera:



Kuwedzera huwandu hwemombe kubudikidza nekuzvarwa kwemhuru dzakawanda pamwe nekuvandudza mhando yemombe nekuti mhuru dzinozvarwa dzinenge dzave dzemhando yepamusoro.




Kunobatsira kudzikisira dambudziko rekushandiswa kwemabhuru mamwe chete pakukudza danga ozopedzisira ave kuberekesa vana vawo. **Kudzikisira kwedambudziko iri kunobatsira kuti pave nemombe hombe uye dzine hutano hwakanaka.**



Kunoshandisa mari isina kunyanya kuwanda uye zvinove nyore kuwana hurume hwemabhuru pasina kushandisa mari yakawanda pakuchengeta bhuru remhando yepamusoro.



Kunobatsira zvakare kuvandudza mombe dzemukaka kubudikidza nekuwedzera huwandu hwemukaka unokamwa pazuva.



Kunobatsira kuti muve nemombe dzakasimba uye kunodzikisa mikana yekuunza zvirwere zvenjovhira zvinowanikwa mumombe.



Kunobatsira pahurongwa hwekuwedzera huwandu hwemombe, kuchengetwa kwemombe nenzira isingashandisi mari yakawanda pamwe nekutengeswa kwemombe.



ZVAUNOFANIRA KURANGARIRA PAKUWUCHIKA

Kuwuchika hakudhuri kana takatarisa mari inozoberekwa neyawakashandisa.

Kuwuchika kunoshandisa mari iri pakati pemadhora makumi mashanu kusvika kuzana (\$50-100) zvichienderana nekuti muri kure zvakadini nevanoita zvekuwuchika, huwandu hwemombe dzirikuda kuwuchikwa, mhando yehurume pamwe nekuti ndehwerudzi rwupi.

Hurume huri paviri. Pane hwakagadziriswa kana kunatsidzirwa kuti hubuditse mhando yemhuru dzinotarirwa hunonzi 'sexed'. Imwe mhando yehurume hunonzi 'normal' hunotorwa kubva mubhuru huchinanga kumhou kana tsiru pasina zvagadziriswa kana kunatsidzirwa.

Kuwuchika hakuna kuoma asi kunongoda:

- Kuziva zviratidzo zvekuti mhoh kana tsiru iri panguva yekuda bhuru.
- Kuchengedza mombe zvakanaka nekudzipa chikafu chakanaka.
- Kuchengedza nekubata hurume zvakanaka.
- Kuwuchika hakuna kumboomu uye hakushandisi michina isina yakaoma uye yakawanda.
- Kuwuchika hakuna kumboomu uye hakushandisi michina yakaomakunzwisisa kana kuwandisa.
- Kuwuchika kune mikana yakawanda yekubudirira kana kukaitwa nemazvo.

Zvakakosha zvinobatsira kuti kuwuchika kubudirire ndezvinoti:

- Kuchengeta mhoh zvakanaka
- Kuve nemagwaro emombe dzenyu akanyorwa nemazvo uye akanyorwa zvechokwadi
- Kukwanisa kuongorora nekuziva zviratidzo zvenguva yekuti mhoh kana tsiru yave kuda bhuru
- Kubereka mhuru dzakawanda
- Hurume hwebhuru remhando yakanaka
- Muwuchiki anogona basa akambowuchika
- Kuve nezvekushandisa zvinotarirwa pakuwuchika



Kazhinji zvikamu 50% kana 70% dzemhoh kana tsiru dzinenge dzawuchikwa panguva imwe chete dzinobva dzave nezamu.

Kana pane zimwe zvamungade kuziva panyaya dzekuwuchika zvipfuyo, batai veAGRITEX vari pedyo nemi, kana vanorapa zvipfuyo kana Mukuru anomirira veFeed the Future Zimbabwe Fostering Agribusiness for Resilient Markets Livestock

